



**YAYASAN BERNARDUS
SMA THERESIANA "TERAKREDITASI"**
Jl.Tamtama Weleri 51355, Kendal, Jawa Tengah. Telp. 0294 641246

**ASESMEN SUMATIF AKHIR TAHUN KELAS XI
TAHUN PELAJARAN 2025/ 2026
NASKAH SOAL**

MATA PELAJARAN

Mata Pelajaran : BAHASA JAWA
Jenjang : SMA

PELAKSANAAN

Hari/Tanggal : RABU/ 3 JUNI 2026
Pukul : 09.30 – 11.00 WIB

PETUNJUK UMUM

1. Tulis Nama, Nomor Peserta, Kelas dan Mata Pelajaran pada lembar jawab.
2. Tersedia waktu 90 menit untuk mengerjakan paket soal.
3. Jumlah soal sebanyak 40 butir, terdiri dari pilihan ganda, pilihan ganda kompleks, menjodohkan, isian singkat dan uraian.
4. Periksa dan bacalah soal dengan cermat , sebelum Anda mengerjakan.
5. Laporkan kepada pengawas apabila terdapat lembar soal yang kurang jelas, rusak , atau tidak lengkap.
6. Mintalah kertas buram pada pengawas ujian bila diperlukan .
7. Tidak diizinkan menggunakan kalkulator , kamus , HP , tabel matematika atau alat bantu hitung lainnya.
8. Periksalah pekerjaan Anda sebelum diserahkan kepada pengawas ujian.

SELAMAT MENGERJAKAN

A. PILIHAN GANDA

1. Gatekna pranyatan ing ngisor iki!
 - 1) Wayang bisa kanggo tuntunan
 - 2) Wayang bisa njalari urip kekancan cecongkraham amarga gawe serik
 - 3) Wayang kudu dilestarekake
 - 4) Wayang bisa dadi tontonan lan ndadekake prigel nyambut gawe
 - 5) Wayang bisa kanggo tontonanPranyatan kang trep adhedhasar teks sandiwara kasebut yaiku nomer
 - A. 1), 2), lan 3)
 - B. 1), 3), lan 4)
 - C. 1), 2), lan 4)
 - D. 1), 3), lan 5)
 - E. 1), 2), lan 5)
2. Sajak ing parikan yaiku
 - A. a-a-b-b
 - B. a-b-a-b
 - C. a-b-b-b
 - D. a-b-a-a
 - E. a-b-b-a
3. Paraga kang cengkeh karo paraga utama yaiku paraga
 - A. Protagonis
 - B. Antagonis
 - C. Tritagonis
 - D. Andhahan
 - E. Pambiyantu
4. Sadurunge gawe teks sandiwara, luwih becik gawe
 - A. Pitakonan
 - B. Wangsulun
 - C. Cengkorongan
 - D. Kesimpulan
 - E. Pacelathon

Tembang kanggo pitakonan nomer 5-8

Ing batin tan keliru
Kedhap kilap liniling ing kalbu
Kang minangka colok celaking Hyang Widi
Widadaning budi sadu
Pundak panduking liru nggon

5. Dasanamane tembung widadaning yaiku
 - A. Lintange
 - B. Slamete
 - C. Benere
 - D. Adohe
 - E. Mlakune

6. Katrangan ing ngisor iki kang nggambarake tembang ing dhuwur yaiku
- Supaya ngrasuk ing ati nalika sinau kudu nganggo rasa-pangrasa
 - Sing dadi pathokan menawa pengin slamet ing donya yaiku golek kanca kang bener
 - Slamete manungsa bisa saka wong tuwane kang menehi palindhungan.
 - Apa sing ana ing jero batin kuwi ora mesthi bener
 - Manungsa kudu nggatekake apa kang ana ing jero atine kanggo nemokake pituduh Gusti
7. “Kang minangka colok celaking Hyang Widi”
- Gatra kasebut nduweni teges
- Ngolah batin kudu sesuci
 - Manungsa kang wis nemu pratandha saka Gusti
 - Sing dadi pathokan saben nggatekake hakekate Sang Maha Kuwasa
 - Supaya bisa nyedhak marang Gusti kudu nglakoni ajarane
 - Guru kang apik dhewe yaiku pangalaman
8. Nilai kang kinandhut sajrone tembang kasebut yaiku nilai
- Religius
 - Sosial
 - Kabudayan
 - Moral
 - Gotong royong
9. Jinis pariwaro kang nduweni sipat menehi kawruh pesen-pesen social marang masarakat yaiku pariwaro
- Layanan masarakat
 - Panjuluk
 - Cithak
 - Elektronik
 - Dagang
10. Pariwaro kang ancane supaya oleh bathi sing luwih gedhe kalebu ing jinis pariwaro
- Sosial
 - Layanan masarakat
 - Wara-wara
 - Pangajak
 - Komersial
11. Struktur pariwaro kang isine katrangan kang luwih rinci ngenani prodhuk, bisa arupa keluwihane yaiku
- Irah-irahan
 - Orientasi
 - Katrangan
 - Awaking pariwaro
 - Justifikasi

- A. Ghania mangan vitamin awit esuk
- B. Ghama ngombe vitamin saben esuk
- C. Ghani ngombe vitamin saben esuk
- D. Ghani mangan vitamin awit esuk
- E. Ghania ngombe vitamin mau esuk

B. PILIHAN GANDA KOMPLEKS (Wangsulan luwih saka siji)

17. Basa kang dienggo ing drama tradhisional kethoprak yaiku basa
- A. Indonesia
 - B. Bali
 - C. Jawa ngoko
 - D. Inggris
 - E. Jawa krama
18. Unsur intrinsik kang kalebu ing unsur latar yaiku
- A. Watake paraga
 - B. Paraga
 - C. Wawan gunem
 - D. Papan
 - E. Wektu
19. Titikane parikan yaiku
- A. Cacahing wanda gatra kapisan lan kapindho kudu padha
 - B. Tembung kudu nganggo basa krama
 - C. Maknane kudu pepeling
 - D. Cacahe baris kudu luwih saka 10
 - E. Digawe nganggo irama tartamtu
20. Paugeran sing bener saka tembang “Gambuh” yaiku
- A. Gatra kapisan 7u
 - B. Gatra kapindho 10i
 - C. Gatra katelu 12u
 - D. Gatra kaping papat 8i
 - E. Gatra kaping lima 8o
21. Ing ngisor iki kang kalebu carane gawe gancaran yaiku
- A. Nggoleki tembung-tembung kang angel banjur nggoleki tegese
 - B. Nggoleki paugeran tembang
 - C. Nyritakake isine tembang nganggo basane dhewe bisa kanthi nambahi tembung panggandheng kang mathuk
 - D. Nggoleki sasmitane tembang kang digancarake
 - E. Nggathukake tembang karo kahanan donya saiki

22. Tembung arsa nduweni teges kang padha karo
- A. Ngajab
 - B. Ditemokake
 - C. Kanugrahan
 - D. Ngarep-arep
 - E. Mukjijat
23. Struktur pariwara justifikasi ngandhut bab-bab ing ngisor iki, yaiku
- A. Carane tuku prodhuk
 - B. Alamat perusahaan
 - C. Kasiyate prodhuk
 - D. Keluwihane prodhuk
 - E. Nomer tilpun layanan konsumen
24. Ing ngendi wae pariwara awujud audiovisual bisa digiyarake?
- A. Medhia sosial
 - B. TV
 - C. Spanduk
 - D. Kalawarti
 - E. Radhio
25. Sawijining prodhusen banyu mineral gawe pariwara ing maneka medhia, kaya ta medhia elektronik lan medhia cithak kanthi tujuan tartamtu, yaiku
- A. Menehi informasi ngenani banyu mineral
 - B. Pangajak kanggo masarakat supaya nggunakake banyu mineral
 - C. Mbujuki supaya tansah tuku banyu mineral
 - D. Menehi informasi ngenani banyu mineral regane larang
 - E. Pangajak kanggo masarakat supaya tansah nggodhog banyu dewe
26. Khatib salat Jumuah ing Masjid Faturakhma.
- Menawa ukara kasebut katulis ing aksara jawa, paugeran kang ditrapake kanthi bener yaiku
- A. Tembung *khatib* kabeh aksarane katulis kanthi aksara rekan
 - B. *Kha* ing tembung *khatib* katulis nganggo aksara rekan
 - C. *Ju* ing tembung *Jumuah* katulis nganggo aksara rekan
 - D. *Ma* ing tembung *masjid* katulis nganggo aksara rekan
 - E. *Fa* ing tembung *Faturakhman* katulis nganggo aksara rekan
27. Paugeran nalika nulis aksara murda yaiku
- A. Aksara murda kanggo nulis tembung manca, utamane saka basa Arab
 - B. Aksara murda bisa dadi sesigeging wanda
 - C. Aksara murda cukup ditulis seaksara saben satembung, kapilih kang manggon ing ngarep
 - D. Aksara murda ora bisa dadi pasangan
 - E. Aksara murda bisa dadi pasangan lan disandhangi

C. NGGATHUKAKE

28. Gathukna kanthi cara narik garis antarane bebuka lan isi parikan kang bener!

Bebuka
A. Wedang bubuk, gula jawa
B. Manuk emprit, nucut pari
C. Bisa nggender, ora bisa ndemung

Isi Parikan
1. Dadi murid, sing taberi
2. Bisa jejer, ora bisa nembung
3. Yen kepethuk, ati lega

29. Gathukna kanthi cara narik garis antarane jinis sembah lan katrangan kang bener!

Jinis sembah
A. Sembah raga
B. Sembah cipta
C. Sembah sukma

Katrangan
1. Ngendhalenih awa nepsu kanthi rasa sabar, wening, lan eling saben tumindak
2. Ngresiki batin kanthi tansah eling lan waspada
3. Manembah marang Gusti kang kawiwitan nindakake prentah-prentah ing agama kanthi cetha

30. Gathukna kanthi cara narik garis antarane nilai luhur lan katrangan kang bener!

Nilai luhur
A. Nilai relegius
B. Nilai sosial
C. Nilai kabudayan

Katrangan
1. Nilai sing ana gegayutane karo paugeran-paugeran pagesangan ing masarakat
2. Nilai sing ana gegayutane karo adat istiadat lan kabudayan kang dilakoni ing masarakat tartamtu
3. Nilai sing ana gegayutane karo kapitayan lan agama kaya ta babagan ngibadah utawa sembahyang

31. Gathukna kanthi cara narik garis antarane sipat basa pariwara lan tegese kang bener!

Sipate Basa Pariwara
A. Informatif
B. Komunikatif
C. Sugestif

Tegese
1. Basa kang digunakake bisa ndayani pangrasane wong sing krungu
2. Tembung-tembung cetha, cekak, aos, lan ora mbulet
3. Basa sing digunakake gampang dimangreteni dening pamiyarsa.

